



Artist Employment Program

CREATIVES
REBUILD
NEW YORK

Gid Pwogram lan

WWW.CREATIVESREBUILDNY.ORG

Sa ki Nan Dokiman sa a

1 | Apèsi

2 | Kontèks ak Vizyon

Objektif

Kijan yo te Fè Pwogram sa a

3 | Kijan Travay Fonksyone

Konpansasyon

Avantaj yo

Ki Moun ki Kenbe Travay

4 | Delè

5 | Kalifikasyon

Aplikasyon ki Lye

Ki Moun ki Ka Aplike

Definisyon

Limit

6 | Kritè Seleksyon

7 | Pwosesis Revizyon

8 | Kòman Pou Aplike

9 | Sipò pou Aplikasyon an

Biwo Èd

Sesyon Enfòmasyon

10 | Peryòd Sibvansyon, Fon Sibvansyon, ak Aktivite Kontinyèl

Debousman Lajan

Lòt Aktivite

11 | Sekirite Done ak Konfidansyalite

12 | Sondaj sou Atis Eta New York la

13 | Kesyon sou Aplikasyon an

14 | Kesyon Yo Poze Souvan

1 | Apèsi

Pwogram Travay Atis (Artist Employment Program, AEP) Creatives Rebuild New York (CRNY) pral finanse travay pou jiska 300 atis, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti (atis) an kolaborasyon ak plizyè douzèn òganizasyon kominotè atravè Eta New York pandan de (2) lane. Atis k ap patisipe yo pral resevwa yon salè \$65,000 chak ane, plis avantaj, ak tan yo mete apa pou konsantre sou pratik yo. Òganizasyon k ap patisipe yo pral resevwa lajan ki varye ant \$25,000 ak \$100,000 chak ane pou sipòte travay atis yo.

2 | Kontèks ak Vizyon

Ann tounen sou siksè Lwa sou Travay ak Fòmasyon Konplè a (Comprehensive Employment and Training Act)—yon inisyativ gouvènman federal la finanse ki te sipòte pwojè atis yo nan Eta New York la ak atravè peyi a soti 1974 pou rive 1981—atis ak defansè atizay yo te mande yon pwogram mendèv pou lite kont dènye mank travay ak chomaj atis. Pwogram Travay pou Atis CRNY lan pral finanse travay ak salè ak avantaj pou jiska 300 atis ak patnè òganizasyon yo—ki montre enpòtans atis yo kòm travayè kle nan fòs travay la.¹

Nan sipòte atis k ap travay an kolaborasyon ak òganizasyon kominotè yo, AEP ap ofri yon chemen pou transfòme relasyon ant atis ak òganizasyon yo. Relasyon ekitab ankouraje solisyon kreyatif, refleksyon elaji, ak nouvo metòd angajman pandan y ap bati kapasite ak estabilite pou tout moun ki enplike yo. CRNY kwè patenary sa yo kapab tou sipòte ak anrichi kominote yo, sa ki montre pouvwa atis yo kòm ajan chanjman sosyal ak enpòtans travay yo genyen pou vitalite sosyal ak ekonomik Eta New York la.

Bati apati pwogram sekou enpòtan ki fè atis yo tounen travay nan mitan pandemi COVID-19 mondal aktyèl la, AEP ap chèche sipòte atis ak òganizasyon ki nan kominote yo te majinalize istorikman yo—ansanm ak atis ki fè fas ak baryè sistemik pou travay.

Kolaborasyon ant atis ak òganizasyon kominotè yo ka pran plizyè fòm. Kolaborasyon sa yo pa bezwen nouvo relasyon oswa enplike nouvo travay. Yon atis ka travay kòm yon atis nan rezidans, atis ansèyman, atis òganizatè, dokimantè, oswa konsiltan kreyatif, pa egzanp. Patnè òganizasyonèl yo ka òganizasyon atistik ak kiltirèl, antite gouvènmantal, oswa òganizasyon kominotè ki pa atistik.

¹<https://www.artistsallianceinc.org/art-work-how-the-government-funded-ceta-jobs-program-put-artists-to-work/>

Objektif

Pwogram Travay pou Atis la ap chèche chanjman nan nivo ekosistèm epi li gen twa (3) entèvenan prensipal: **atis, òganizasyon kominotè, epi kominote yo.** CRNY te idantifye objektif sa yo pou chak entèvenan sa yo:

Atis

- Pou bay atis estabilite finansye, espesyalman atis ki manke travay oswa ki p ap travay atravè Eta New York la, akòz enpak katastwofik pandemi an sou mwayen pou viv ak revni atis yo.
- Pou bay travay salarye ki an amoni ak konpetans ak ekspètiz atis yo pandan y ap pèmèt atis yo apwofondi pratik atistik yo.
- Pou ede atis yo grandi nan konpreyansyon yo ak kapasite yo pou travay ak òganizasyon ak kominote yo.
- Pou ankouraje yon enfrastrikti kolektif pou maksimize enfliyans atis nan sistèm finansman ak politik yo.

Òganizasyon Kominotè

- Pou sipòte rekiperasyon finansye ak estabilite òganizasyon kominotè yo, ni sa atistik ni sa ki pa atistik, ki te soufri anpil kontrent finansye ak pèt akòz pandemi an.
- Pou ranfòse kapasite òganizasyon yo pou yo travay pou ak avèk kominote yo epi elektè yo.
- Pou devlope nouvo modèl kolaborasyon ki se avantaj ni pou atis yo ni pou òganizasyon yo.

Kominote yo

- Pou kreye patenarya ki sipòte ak anrichi kominote yo ak satisfè bezwen ak dezi kominote a.
- Pou ogmante vizibilite ak konpreyansyon atis yo kòm travayè; kominote yo pral kapab temwen travay ak pwosesis atis yo.

Kijan yo te Fè Pwogram sa a

Nan sezon otòn 2021, Creatives Rebuild New York te òganize yon Gwoup Refleksyon—yon kowalisyon divès atis, entelektyèl, stratèj, ak militan Eta New York la ki gen divès idantite ak eksperyans yo te viv ki trè diferan. Atravè reyinyon dijital yo fè chak de (2) mwa, gwoup sa a te detèmine oryantsyon jeneral Pwogram Revni Garanti pou Atis ak Travay pou Atis yo.

3 | Kijan Travay Fonksyone

Konpansasyon

Atis k ap patisipe yo pral resevwa yon salè \$65,000 chak ane (koresponn ak revni medyàn nan Eta New York) plis avantaj ak tan yo mete apa pou konsantre sou pratik yo.

Òganizasyon k ap patisipe yo pral resevwa lajan pou sipòte travay atis yo a. Sipò sa a pral varye ant \$25,000 ak \$100,000 pou chak òganizasyon, chak ane; kantite lajan chak òganizasyon resevwa a pral depann de kantite atis ki anplwaye ak enpak yo sou bidjè òganizasyon an.

Avantaj yo

Finansman AEP pral sipòte avantaj travay—tankou medikal, dantè, vizyon, ak tout aavantaj obligatwa—atravè òganizasyon ki kenbe travay atis la. Yo pral bay avantaj sa yo an akò ak pratik estanda Resous Imèn òganizasyon sa a.

Ki Moun ki Kenbe Travay

Y ap kenbe travay atis yo nan youn nan de (2) fason sa yo:

- Yon òganizasyon kolaboratè kenbe travay:** Òganizasyon k ap aplike a dwe genyen yon enfrastrikti pewòl serye; li dwe kapab bay travayè yo konpansasyon; bay sèvis pou kenbe taks; epi gen yon sistèm Resous Imèn an plas.
- Yon entèmedyè kenbe travay yo:** Pou aplike, òganizasyon ki pa kapab kenbe travay ak avantaj yo, yon òganizasyon entèmedyè ki pral fasilitè pewòl ak bay sèvis Resous Imèn pral anplwaye atis yo.

CRNY nan konvèsasyon aktif ak yon kolektif travayè pou aji kòm yon entèmedyè ki ka kenbe travay epi bay yon pati atis avantaj nan AEP. Entèmedyè sa a pral sipòte òganizasyon ki vle anboche atis men ki gen kapasite limite pou kenbe travay ak/oswa bay avantaj.

4 | Delè

<u>Yo te Pibliye Gid Aplikasyon yo</u>	14 Fevriye 2022
<u>Dat Limit pou Depoze Aplikasyon yo pou Premye Etap Ia</u>	25 Mas 2022
<u>Notifikasyon Finalis Premye Etap yo</u>	11 Avril 2022
<u>Dezyèm Etap Entèvyou</u>	25 Avril 25 jiska 20 Me 2022
<u>Notifikasyon Patenarya yo Chwazi yo</u>	26 Jen 2022
<u>Patenarya yo Chwazi yo te Anonse Piblikman</u>	23 Jen 2022
<u>Travay pou Atis yo Kòmanse</u>	27 Jen 2022
<u>Lajan Organizasyon yo Debouse</u>	Jen 2022
	Desanm 2022
	Jen 2023
	Desanm 2023
<u>Travay pou Atis yo Fini</u>	Jen 2024

5 | Kalifikasyon

Aplikasyon ki Lye

Pwogram Travay pou Atis la mande **yon aplikasyon ki lye ant atis yo ak òganizasyon yo**. Swa atis la (yo) oswa òganizasyon an ka kòmanse relasyon an, epi ni atis la (yo) ni òganizasyon an dwe espesifikman nonmen epi te dakò travay ansanm nan moman aplikasyon an.

Kolaborasyon yo ka gen ladan yo youn oswa plizyè atis. Òganizasyon yo ka aplike pou anplwaye yon sèl atis oswa plizyè atis. Nan ka kote gen plizyè atis, atis sa yo ka travay an kolaborasyon oswa yon faason endividyèl. Tout kolaborasyon yo pwopoze a pral evalye kòm yon inite, epi konsa, yo pral finanse oswa yo p ap finanse tout òganizasyon ak atis ki kolabore yo. yo p ap evalaye kolaboratè yo endividyèlman.

Ki Moun ki Ka Aplike

Pou w kalifye pou aplike nan AEP, **òganizasyon yo** dwe:

- yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3) ki pa nan peye taks oswa yon òganizasyon gouvènmantal, epi/oswa yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3) patwone sou pwen fiskal.
- Gen anplasman biznis prensipal yo nan Eta New York la
- Sèvi youn oswa plizyè nan kominate sa yo:
 - Nwa, Endijèn, ak/oswa Moun Lòt Koulè
 - Imigran yo
 - LGBTQIAP+ (Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Omoseksyèl/Kesyon, Entèsèks, San Sèks/Ki Pa Womantik, Panseksyèl+)
 - Soud/Enfim
 - Ki enplike nan sistèm legal kriminèl
 - Nan oswa anba liy povrete a (ti revni)
 - Riral

Pou w kalifye pou aplike nan AEP, **atis yo** dwe:

- Rezidan prensipal Eta New York
- Yon atis, moun ki fè kilti, oswa yon moun ki kreye kilti
- Pa yon manm pèsonèl oswa gen rapò ak yon manm pèsonèl (pa egzanp, yon manm fanmi imedya) Tides oswa Creatives Rebuild New York.

Yo ankourage pou atis ki manke travay oswa ki p ap travay ak/oswa ki Nwa, Endijèn, Moun Lòt Koulè, Imigran, LGBTQIAP+ (madivin, masisi, biseksyèl, transjan, omosèksyèl/kesyon, entèsèksyèl,

san sèks/ki pa womantik, panseksyèl+), Soud/Enfim, ki enplike nan sistèm legal kriminèl, ap viv nan oswa anba liy povrete a, ak/oswa k ap viv nan zòn riral yo aplike.

Definisyon

Yon **atis, moun ki fè kilti, oswa yon moun ki kreye kilti** ('atis') se yon moun ki regilyèman angaje nan pratik atistik oswa kiltirèl pou: eksprime tèt yo ak entansyon pou kominke yon fason ki rich ak pataje ak lòt moun; transmèt konesans tradisyònèl ak pratik kiltirèl; ofri kominate yo resous kiltirèl; ak/oswa ko-òganize ak ko-kreye nan kominate yo enpak sosyal. Atis yo vle soutni tèt yo atravè pratik yo epi kenbe yon angajman pou kontinye pratik yo. Atis yo ka travay ni endividyeòlman ni an kolaborasyon, oswa kòm edikatè nan domèn pratik yo.

Pratik atistik ak kiltirèl gen ladann: Atizana, Dans, Konsepsyon, Sinema, Atizay Literè, Atizay Medya, Mizik, Tradisyòn Oral, Pratik Sosyal, Teyat, Pèfòmans Atistik, Atizay Tradisyònèl, Atizay Vizyèl, and Atizay Entèdisiplinè. Pou yon deskripsyon detaye sou chak disiplin, tanpri gade [FAQ](#).

Òganizasyon ki baze nan kominate a se òganizasyon san bi likratif, antite gouvènman, oswa òganizasyon fiskal patwone k ap travay nan nivo lokal pou amelyore lavi moun ki abite nan kominate yo. Òganizasyon kominotè yo ka konsantre misyon yo oswa travay yo nan sektè atistik ak kiltirèl la oswa nan yon lòt sektè devlopman kominotè (sante, edikasyon, anviwònman, elatriye) pandan y ap travay pou yon vizyon kominate ekitab ak dirab.

Riral defini nan prèske yon douzèn fason diferan nan Eta New York; sepandan, pou objektif pwogram finansman CRNY yo, 'kominate riral yo' se moun ki andeyò zòn metropolitèn ak mikwopolitèn yo ki gen yon populasyon 10,000 abitan oswa mwens.

Limit

Aplikasyon Miltip

Atis ak òganizasyon yo ka patisipe sèlman kòm yon pati nan yon sèl aplikasyon nan Pwogram Travay pou Atis. Atis yo pa ka chèche pou plizyè òganizasyon anplwaye yo; òganizasyon yo pa ka soumèt plizyè pwopozisyon ki enplike diferan atis oswa kolaborasyon.

Atis yo pa otorize pou yo aplike ni pou Pwogram Revni Garanti pou Atis ak ni pou Pwogram Travay pou Atis yo. Nou ankouraje tout aplikan potansyèl yo pou yo konsidere ki pwogram CRNY ki pi byen adapte ak bezwen yo anvan yo soumèt yon aplikasyon.

Esponnsò Fiskal

Yon LLC oswa lòt òganizasyon ki pa 501(c)(3) pa kapab aplike kòm òganizasyon prensipal la, men li ka aplike avèk yon esponnsò fiskal ki se yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3) oswa kòm yon patnè kolaboratè sou aplikasyon yon òganizasyon 501(c)(3). Swa esponnsò fiskal la oswa òganizasyon 501(c)(3) a dwe òganizasyon prensipal la, epi y ap resevwa tout lajan ki asosye ak sibvansyon AEP a.

Yon atis ka travay ak yon òganizasyon ki pa 501(c)(3) sèlman si yon òganizasyon charitab piblik 501(c)(3) patwone òganizasyon sa a sou yon pwen fiskal.

Yon atis endividyeòl yo patwone sou yon pwen fiskal pa kalifye pou aplike san yon òganizasyon 501(c)(3) ki pral anplwaye yo.

Dwa Pwopriyete Entelektyèl

Òganizasyon k ap patisipe yo p ap genyen oswa jwenn okenn dwa pwopriyete entelektyèl sou travay atis yo kreye pandan peryòd atis yo ap travay poukont yo (byenke yo anplwaye pa) patnè yo.

6 | Kritè Seleksyon

Yo pral aplikasyon ki reponn ak kritè sa yo priyorate:

- **Fòs ak entegrite kolaborasyon yo pwopoze a**
 - Èske travay yo pwopoze a se atis ak òganizasyon an ki devlope yo ansanm ak/oswa ko-otè yo?
 - Èske travay yo pwopoze a koresponn ak ni misyon òganizasyon an ak ni pratik atis yo?
 - Èske gen yon plan yo klèman atikile oswa peryòd atribye pou atis la (yo) pouswiv pratik atistik pèsònèl yo andeyò travay yo pwopoze a?
 - Èske travay yo pwopoze a ap fèt ak kominote a ak/oswa èske se bezwen ak opòtinite kominote a k ap dirije l?
 - Èske patnè yo ka defini siksè ak dirabilite patenarya a?
- **Aliyman kolaborasyon yo pwopoze a ak Valè CRNY yo**
 - Èske kolaborasyon yo pwopoze a ekitab epi li pa fè ekstraksyon?
 - Èske kolaborasyon yo pwopoze a santre konesans ak ekspètiz atis, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti?
 - Èske lidè òganizasyon yo ak atis yo reflete idantite ak pratik kiltirèl kominote a oswa kominote yo sipòte yo?
 - Èske òganizasyon an gen enfrastrikti ki nesesè pou sèvi kominote yo byen (egzanp, konpetans lenguistik ak kiltirèl, espas aksesib fizikman)?
- **Kapasite òganizasyon an pou l sipòte atis yo**
 - Èske òganizasyon an demontre yon angajman solid nan pratik ki santre sou anplwaye yo?
 - Èske òganizasyon an konprann kijan pou sipòte atis yo?
 - Èske òganizasyon an konn abitye kolabore ak atis? Èske se atise k ap dirige òganizasyon an oswa pwogram li yo?
- Enpak sou kapasite finansye òganizasyon an
 - Èske yo endike aktyèl bezwen finansye ak kapasite òganizasyon an aklè?
 - Èske òganizasyon an atikile kijan finansman sa a pral chanje trajekta òganizasyon an?

Dapre angajman CRNY pou yon distribisyon fon ekitab, yo pral ekilibre seleksyon final la pou asire:

- Distribisyon jewografik atravè dis (10) rejyon nan Eta New York la, ki gen ladan anpil reprezentasyon nan kominote riral yo
- Yon seri gwosè òganizasyonèl
- Yon seri disiplin atistik ak apwòch kolaborasyon
- Yon melanj de kolaborasyon ki enplike plizyè atis ak kolaborasyon ki enplike yon sèl atis

7 | Pwoesis Revizyon

Pwoesis revizyon aplikasyon an pral fèt nan de (2) etap:

Premye Etap: Revizyon Aplikasyon an

Evalyatè ekstèn yo pral evalye aplikasyon pou Premye Etap yo—atis ak pwofesyonèl òganizasyon ki gen anpil eksperyans nan reydon jeyografik yo epi ki pataje afinite ak aplikan yo. Ant 28 Mas 2022 ak 8 Avril 2022 anplwaye CRNY ak evalyatè ekstèn yo pral revize aplikasyon yo epi fè rekòmandasyon sou patenarya yo pral envite nan Dezyèm Etap la. Nan dat 11 Avril 2022 CRNY pral avèti finalis yo pou yo avanse nan Dezyèm Etap la.

Dezyèm Etap: Entèvyou

Atis ak reprezantan chak òganizasyon finalis yo pral envite pou planifye yon entèvyou sou entènèt ant 25 Avril 2022 ak 20 Me 2022. De (2) evalyatè ekstèn yo pral prezan ak yon (1) anplwaye CRNY pou chak entèvyou sa yo. Kòmantè entèvyou sa yo—ki dokimante dapre yon ribrik ki alien ak kritè seleksyon yo—ap enfòme desizyon final sou sibvansyon yo. Tout evalyatè ekstèn yo pral rankontre pou diskite ak fè rekòmandasyon final bay anplwaye CRNY yo. Anplwaye CRNY yo pral pran rekòmandasyon sa yo epi pran desizyon final yo, pou asire distribisyon final la koresponn ak valè CRNY yo ak balans òganizasyonèl atravè Eta New York la.

Yo pral enfòme finalis yo sou tout desizyon yo anvan 6 Jen 2022. Nou espere ke travay pou atis yo pral kòmanse pa pita pase 27 Jen 2022.

8 | Kòman Pou Aplike

Tout aplikasyon yo dwe soumèt pa mwayen dijital anvan 25 Mas 2022 a 11:59 PM lès.

Yon fwa atis yo ak òganizasyon yo te dakò pou yo travay ansanm epi ko-kreye yon pwopozisyon pou kolaborasyon, tout pati yo ka soumèt enfòmasyon yo atravè platfòm aplikasyon CRNY sou entènèt sou Submittable: <https://creativesrebuildny.submittable.com/>

Yon aplikasyon ka kòmanse swa pa yon atis oswa yon reprezantan òganizasyon. Moun ki kòmanse aplikasyon an pral deziyen kòm aplikan prensipal la. Aplikan prensipal la responsab pou:

- antre pwòp enfòmasyon yo,
- mande tout kolaboratè yo enfòmasyon sou aplikasyon an,
- konfime ke tout kolaboratè yo te soumèt enfòmasyon yo, epi
- soumèt aplikasyon ki fini an.

Yon fwa aplikan prensipal la kòmanse yon aplikasyon, yo pral gen kapasite pou ajoute atis ak kolaboratè òganizasyon. Yon (1) òganizasyon dwe idantifye kòm òganizasyon prensipal la; sa a se òganizasyon k ap resevwa finansman dirèk nan men CRNY. Chak atis ak kolaboratè òganizasyon yo ajoute nan aplikasyon an pral resevwa yon fòm pou ranpli epi soumèt pou aplikasyon ki lye a.

Aplikasyon an mande enfòmasyon debaz sou chak atis ak òganizasyon k ap patisipe a, epi answit poze twa (3) brèf kesyon naratif sou kolaborasyon yo pwopoze a. Aplikan prensipal la pral responsab pou kesyon naratif sa yo. Kolaboratè yo dwe ko-kreye epi aksepte repons sa yo anvan aplikan prensipal la soumèt aplikasyon an.

9 | Sipò pou Aplikasyon an

Biwo Èd

CRNY te etabli yon Biwo Èd ki pral disponib pandan tout pwosesis aplikasyon an. Pou asire swen pandan tout pwosesis aplikasyon an, Biwo Èd CRNY a pral bay sipò teknik pou aplikan ki:

- Gen lòt kesyon sou kalifikasyon pou nenpòt pwogram ki san repons nan direktiv yo ak Kesyon yo Souvan Poze yo (FAQs)
- Ou pa sèten nan ki pwogram pou aplike
- Ou pa kapab aplike sou entènèt epi bezwen yon moun pou aplike sou non yo pou nenpòt rezon, tankou:
 - Aksè limite nan koneksyon a gwo debi oswa Wi-Fi
 - Bezwen pou soumèt aplikasyon yo a nan yon lang ki pa Anglè oswa Panyòl
 - Yon andikap ki anpeche aksè yo nan aplikasyon an
 - Lòt sikontans

Pou jwenn aksè nan Biwo Èd la, voye yon imèl bay HelpDesk@creativesrebuildny.org oswa rele 855-929-3863 (asistans dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès). Biwo Èd la gen ladann tradiktè devwe pou ede aplikan ki pa pale Anglè oswa Panyòl, ak aplikan ki ap aprann lang Angle.

Sesyon Enfòmasyon

CRNY ap fè patenarya avèk Konsèy pou Atizay Eta New York la (New York State Council on the ArtsNYSCA) ak plizyè nan sit Sibvansyon Kominotè Eta a (Statewide Community Regrant) pou ko-òganize sesyon enfòmasyon sou entènèt pou aplikan potansyèl yo pou aprann plis sou pwogram nou yo. Tout evènman yo pral bay sipò nan plizyè lang ak ASL. Y ap ajoute plis dat epi yo ka chanje. Ale sou www.creativesrebuildny.org/apply pou jwenn orè ki pi ajou a ak enstriksyon sou enskripsyón an.

Dat	Animatè
Madi, 15 Fevriye a 9:00 AM	Alyans Atistik Long Island
Jedi, 17 Fevriye a 12:00 PM	Zanmi Ganondagan yo
Madi 22 Fevriye a 7:00 PM	CNY Arts
Jedi 24 Fevriye a 7:00 PM	Konsèy sou Atizay Southern Finger Lakes
Madi, 1 Mas a 7:00 PM	Sipòte Atizay Andikap avèk Kevin Gotkin
Jedi, 3 Mas a 12:00 PM	Konsèy sou Atizay Eta New York la
Jedi, 10 Mas a 12:00 PM	Konsèy sou Atizay nan Nò Peyi a
Madi, 15 Mas a 12:00 PM	Arts Services Inc., Tri-County Arts Council, Seneca Nation of Indians
Jedi 17 Mas a 12:00 PM	Konsèy sou Atizay Eta New York la

10 | Peryòd Sibvansyon, Fon Sibvansyon, ak Aktivite Kontinyèl

Debousman Lajan

- Y ap peye atis yo dapre kalandriye pewòl (pa egzanp, chak de (2) semèn, chak de (2) mwa) òganizasyon ki gen travay yo (swa òganizasyon kolaboratè a oswa entèmedyè a).
- Plizyè òganizasyon ka aplike ansanm, men youn dwe deziyen kòm òganizasyon prensipal; sa a se òganizasyon ki pral resevwa tout lajan nan men CRNY. Òganizasyon prensipal la dwe yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3) ki pa nan peye taks oswa yon òganizasyon gouvènmantal, ak anplasman prensipal li nan Eta New York la.
- CRNY pral debouse lajan bay òganizasyon prensipal la nan kat (4) vèsman egal: kòmanse depi kòmansman kolaborasyon an epi apre chak sis (6) mwa apre, jiska fen peryòd sibvansyon an.
- Olye pou yo fè rapò, anvan twazyèm debousman fon an, patisipan ki nan patenarya yo finanse yo pral rankontre ak anplwaye CRNY yo ak/oswa lyezon atis reyjonal pou diskite sou kwasans ak defi kolaborasyon an. Reyinyon sa yo pral konfime aliyan egzijans pwogram yo epi yo gen entansyon pou sipòte atis, òganizasyon, ak evolisyon patenarya a.
- Si òganizasyon prensipal la oswa nenpòt atis bezwen mete fen nan patisipasyon yo nan pwogram nan (akòz yon chanjman rezidans prensipal, sitiyasyon pèsonèl, yon obstak enprevi nan kolaborasyon an, oswa nenpòt lòt rezon), yo dwe imedyatman avèti CRNY. CRNY pral abòde sitiyasyon sa yo nan yon kad swen, nan travay ak òganizasyon an ak atis yo pou jwenn yon chemen ekitab ak reparasyon pou pi devan.

Lòt Aktivite

- CRNY pral kolabore ak òganizasyon yo ak atis ki enplike nan AEP pou ko-konsevwa kapasite ak opòtinite pou kreye rezo ki reponn dirèkteman a bezwen yo epi pou kominate y ap sèvi yo enfòme yo.
- CRNY pral fè yon seri efò rechèch, defans, ak chanjman naratif pandan de (2) lane k ap vini yo, avèk yon gwo angajman pou pratik evalyasyon ekitab ak efò narasyon ki santre sou atis la. Y ap bay atis ak òganizasyon yo chwazi pou Pwogram Travay pou Atis la opsyon pou li patisipe nan rechèch CRNY ak travay defansè. Moun ki chwazi patisipe yo pral jwenn konpansasyon anplis lajan yo resevwa atravè Pwogram Travay pou Atis la.

11 | Sekirite Done ak Konfidansyalite

CRNY pral etabli epi kenbe mezi sekirite apwopriye ki fèt pou asire konfidansyalite enfòmasyon aplikan yo epi pou anpeche aksè san otorizasyon, destriksyon, pèt, oswa chanjman done sa yo. Submittable, platfòm aplikasyon CRNY a, gen yon varyete de karakteristik sekirite ak sètifikasyon konfòmite ou ka jwenn isit la: <https://www.submittable.com/security/>.

Yo pral pataje enfòmasyon yo soumèt nan kad pwosesis aplikasyon Pwogram Travay pou Atis la sèlman ak panelis revizyon k ap ede nan pwosesis seleksyon an, ak patnè ki enplike nan rechèch CRNY ak travay defans. Repons yo pral anonim anvan yo analize yo, epi yo p ap idantifye pèsonèlman aplikan yo nan okenn rezulta nan rechèch la oswa travay defans yo sof si yo chèche ak jwenn lòt konsantman.

Done aplikan yo ap konsève jiska fen inisyativ Creatives Rebuild New York la (Desanm 2024). Gen lòt dokiman ki disponib sou demann.

12 | Sondaj sou Atis Eta New York la

Lè yo soumèt yon aplikasyon, atis k ap aplike nan Pwogram Travay pou Atis la pral envite pou yo patisipe nan yon sondaj ki gen trant (30) kesyon, yo tout pa obligatwa, ki poze kesyon sou pratik atistik, sikonsans finansye, byennèt, eksperyans pandemi, ak atitud sou politik ak zafè defans.

Creatives Rebuild New York (CRNY) ap chèche kreye yon pòtrè bezwen, sikonsans, ak eksperyans atis yo, moun ki gen kilti yo, ak moun k ap fè kilti atravè Eta New York la. Nou pral sèvi ak pòtrè sa a pou fè travay defansè ak chanjman naratif ki gen rapò ak sipòte bezwen atis endividyèl yo, epi pou evalye si finansman yo bay atravè pwogram CRNY yo ede satisfè bezwen sa yo nan nenpòt fason solid oswa transfòmasyon.

Patisipasyon w nan sondaj sa a PA P afekte chans ou genyen pou w resevwa finansman CRNY, epi tout repons yo pral konfidansyèl. Si w chwazi ranpli sondaj la, enfòmasyon ou bay yo pral kontribye nan yon konpreyansyon ki konplèks ak ki gen nyans sou fason atis Eta New York yo ap viv jodi a.

13 | Késyon sou Aplikasyon an

Etap 1 Aplikasyon an

Entwodiksyon

Byenvini nan APIKASYON KI LYE pou Pwogram Travay pou Atis la! Nou tèlman kontan ou la a.

Pwogram Travay pou Atis la bay atis yo, moun ki gen kilti, oswa moun k ap fè kilti (atis) yo travay pou yo travay an kolaborasyon ak òganizasyon kominotè [501(c)(3) òganizasyon charitab publik yo, ki gen ladan esponnsò fiskal ki se 501(c)(3) òganizasyon charitab publik yo, oswa enstans gouvènmantal] pandan de (2) lane. Atis ak òganizasyon yo aplike ansanm, atikile relasyon kolaborasyon yo. Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Travay pou Atis la, tanpri gade Gid yo ak Késyon yo Poze Souvan yo (FAQs) nan www.creativesrebuildny.org/apply/artist-employment.

Kòman pou Aplike

Kolaborasyon yo pwopoze a dwe idantifye yon aplikan prensipal; aplikan sa a kapab swa yon atis oswa yon moun ki soti nan òganizasyon prensipal kolaborasyon an. Aplikan prensipal la responsab pou asire tout atis ak òganizasyon k ap kolabore yo pou yo ranpli fòm aplikasyon endividyèl yo. Aplikan prensipal la responsab tou pou antre repons késyon yo sou kolaborasyon yo pwopoze a epi li dwe sètifye ke tout aplikan yo te revize repons sa yo e yo te dakò ak yo endividyèlman.

Aplikasyon an mande enfòmasyon debaz sou chak atis ak òganizasyon k ap patisipe a, epi answit poze twa (3) brèf késyon naratif sou kolaborasyon yo pwopoze a. Etap aplikasyon yo se sa ki annapre yo:

Etap 1: Konfime Kalifikasyon Tout Atis yo ak Òganizasyon Prensipal la

Etap 2: Ki moun ki se Aplikan Prensipal la?

Etap 3: Késyon pou Atis yo

Etap 4: Késyon pou Òganizasyon yo

Etap 5: Késyon pou Atis ak Òganizasyon yo Ansanm: Kolaborasyon yo Pwopoze

Etap 6: Soumèt!

CRNY vize pou fè aplikasyon sa a aksesib e senp ke posib. Si w bezwen nenpòt èd, tanpri rele Biwo Èd nou an nan 855-929-3863 (èd dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès) oswa voye yon imèl nan HelpDesk@creativesrebuildny.org.

Etap 1: Konfime Kalifikasyon Tout Atis Kolaborasyon yo ak Òganizasyon Prensipal la

- Tanpri konfime ke tout atis k ap aplike pou pwogram nan se:
 - Rezidan Eta New York
 - Plis pase 18 lane depi 1 Janvye 2022
 - Idantifye kòm yon atis, moun ki gen kilti, oswa yon moun ki fè kilti

- Tanpri konfime òganizasyon prensipal k ap aplike pou pwogram nan se:
 - Yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3), ki gen ladan esponnsò fiskal yo ki se òganizasyon charitab publik 501(c)(3), oswa yon òganizasyon gouvènmantal.
 - Anplasman biznis prensipal yo nan Eta New York la
 - Sèvi aklè omwen youn nan kominate sa yo: Nwa, Endijèn, Moun lòt koulè, imigran, LQBTQIAP+ (Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Omoseksyèl/Kesyon, Entèsèks, San Sèks/Pa Womantik, Panseksyèl+), Soud/Enfim, ki pa gen anpil revni, oswa nan zòn riral yo.
- Èske nenpòt moun ki patisipe nan aplikasyon sa a se yon manm pèsonèl oswa ki gen rapò ak yon manm pèsonèl (pa egzanp, yon manm fanmi imedya) Tides oswa Creatives Rebuild New York? *[Chwazi youn]*
 - Wi (pa kalifye)
 - Non (Kalifye)
- Nou konnen lè w aplike pou Pwogram Travay pou Atis la, tout atis ki sou aplikasyon sa a pa gen otorizasyon pou aplike nan pwogram Revni Garanti pou Atis yo, e ke sa a se **sèlman** aplikasyon pou Pwogram Travay pou Atis la ke tout atis ak òganizasyon yo nonmen isit la ap soumèt.
 - Wi *[Ou dwe kwoche kaz sa a pou kontinye]*

Etap 2: Ki moun ki se Aplikan Prensipal la?

Èske ou (aplikan prensipal la) ap aplike kòm yon atis oswa yon òganizasyon?

- Atis
- Òganizasyon

Etap 3: Keson pou Atis yo

Y ap mande chak atis k ap patisipe nan kolaborasyon an enfòmasyon sa yo.

Enfòmasyon Debaz

- Siyati Legal
- Non Legal
- Piblik/Prefere/Vrè Non
- Imèl
- Nimewo Telefòn
- Pwonon

Enfòmasyon Jeyografik

- Adrès Ri oswa Entèsekson
- Vil
- Kòd Postal

- Konte [*Remake byen ke Vil New York la konpoze de senk (5) minisipalite epi chak minisipalite se yon konte diferan nan Eta New York. Brooklyn se Kings County, Bronx se Bronx County, Manhattan se New York County, Staten Island se Richmond County, epi Queens se Queens County.*]
- Rejyon [*Chwazi youn*]
 - Rejyon Kapital
 - Central New York
 - Finger Lakes
 - Long Island
 - Mid-Hudson
 - Mohawk Valley
 - Vil New York
 - Nò Peyi a
 - Southern Tier
 - Lwès New York
- Ki jan ou t ap dekri kominate kote w ap viv la? [*Chwazi youn*]
 - Iben
 - Banlye
 - Riral
 - Tribi

Pratik Atistik

CRNY gen pou objektif pou ekilibre sipò atravè yon pakèt domèn disiplin atistik ak estil travay.

- Tanpri klase jiska twa (3) disiplin ki pi byen reflete pratik ou kòm yon atis, yon moun ki gen kilti, oswa yon moun ki fè kilti: [*Ou ka jwenn yon deskripsyon détaye sou chak nan Kesyon yo Poze Souvan yo (FAQs).*]
 - Atizana
 - Dans
 - Konsepsyon
 - Sinema
 - Atizay Literè
 - Atizay Medya
 - Mizik
 - Tradisyon Oral
 - Pratik Sosyal
 - Teyat
 - Atizay Pèfòmans
 - Atizay Tradisyonèl
 - Art Vizyèl
 - Atizay Entèdisiplinè
- Ki jan ou apwoche pratik ou kòm yon atis, moun ki gen kilti, oswa ki fè kilti? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Mwen travay kòm yon atis solo.
 - Mwen kolabore regilyèman ak lòt atis.

- Mwen kolabore regilyèman ak lòt pratikan ki pa atistik.
 - Pratik mwen egzije patisipasyon publik la oswa kominote a pou l gen yon sans.
 - Pèfòme, prezante, oswa ekspoze fas ak yon odyans oswa telespektatè nan kè pratik mwen.
 - Anseye oswa edike lòt moun nan kè pratik mwen.
- Dekri pratik ou kòm yon atis, yon moun ki gen kilti, oswa yon moun k ap fè kilti, ki gen ladan konbyen tan ou se yon atis k ap pratike. [100 mo]
- Dekri yon dènye pwojè oswa pèfòmans ou fyè de li (tanpri pataje yon lyen si sa posib). [100 mo]

Enfòmasyon Demografik

CRNY ap chèche sipòte atis ak òganizasyon ki nan kominote yo te majinalize istorikman yo—ansanm ak atis ki fè fas ak baryè sistemik pou travay. Nou rekonèt nati sansib done demografik yo ak fason yo te itilize yo yon fason istorik pou fè kominote koulè yo ak lòt popilasyon oprime yo mal. Pou chak nan kesyon sa yo, ou ka bay enfòmasyon yo mande a oswa ou ka endike ke ou chwazi pa bay yon repons pou atik sa a an patikilye. Patisipasyon w ak repons ou yo pral trete yon fason konfidansyèl ki trè estrik. Pou kenbe vi prive w pandan tout pwosesis aplikasyon an, repons kesyon sa yo p ap vizib pou lòt aplikan yo oswa pou evalyatè yo yon fwa yo soumèt yo.

- Tanpri antre Dat Nesans ou. [Dwe nan fòma MM/JJ/AAAA.]
- Kisa nan sa ki annapre yo ki dekri ou pi byen? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Arab oswa Mwayen Oryan
 - Azyatik
 - Nwa oswa Afriken Ameriken
 - Panyòl oswa Latino
 - Ameriken Endijèn, Premye Nasyon, oswa Natif Natal Alaska
 - Moun Zile Pasifik yo oswa Natif Natal Awayi
 - Blan
 - Lòt: tanpri presize
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske w idantifye w kòm yon imigran Ozetazini? [Chwazi youn]
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Ki lang prensipal ou pale? [Chwazi youn]
 - Anglè
 - Panyòl
 - Mandarin oswa Kantonèz
 - Lang Ris
 - Yidich
 - Bengali
 - Koreyen
 - Kreyòl Ayisyen
 - Italyen

- Arab
 - Polonè
 - Lòt: tanpri presize
 - Mwen prefere pa reponn
- Ki sèks ou? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Gason
 - Fanm
 - Pa ni gason ni fi
 - De (2)-espri
 - Lòt: tanpri presize
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske ou idantifye tèt ou kòm transjan? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske w idantifye tèt ou kòm LGBTQIAP+ (Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Omoseksyèl/Kesyon, Entèsèks, San Sèks/Ki Pa Womantik, Panseksyèl)? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske ou idantifye tèt ou kòm yon moun ki Soud oswa Enfim? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske w te enplike nan sistèm legal kriminèl déjà? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
 - Si wi: Èske enplikasyon w nan sistèm legal kriminèl te afekte kapasite w pou jwenn travay? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske w bay nenpòt moun sa yo swen regilyèman—swa poukout ou oswa avèk yon lòt moun? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Wi, yon timoun oswa plizyè timoun
 - Wi, yon mari oswa madanm oswa yon patnè ki aje, malad, oswa enfim
 - Wi, yon granmoun/plizyè granmoun ki aje, malad, oswa enfim
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn

Etap 4: Keson pou Òganizasyon yo

Y ap mande chak atis k ap patisipe nan kolaborasyon an enfòmasyon sa yo.

Enfòmasyon Debaz

- Non òganizasyon an
- Sit entènèt òganizasyon an ak/oswa paj Facebook [pa obligatwa]
- Siyati Kontak Prensipal la
- Non Kontak Prensipal la
- Pozisyon/Tit Kontak Prensipal la
- Imèl Kontak Prensipal la
- Nimewo Telefòn Kontak Prensipal la

Enfòmasyon Jewografik

- Adrès ri
- Vil
- Kòd Postal
- Konte
- Rejyon [*Chwazi youn*]
 - Rejyon Kapital
 - Central New York
 - Finger Lakes
 - Long Island
 - Mid-Hudson
 - Mohawk Valley
 - Vil New York
 - Nò Peyi a
 - Southern Tier
 - Lwès New York
- Ki jan ou t ap dekri kominate kote òganizasyon w la ap fonksyone a? [*Chwazi youn*]
 - Iben
 - Banlye
 - Riral
 - Tribi
- Nan ki echèl sèvis oswa pwogram ou yo fonksyone? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Lokal – Katye
 - Lokal - Vil, Vilaj, oswa Tribi
 - Rejyonal
 - Nan tout eta a
 - Nasyonal

Mision ak Eksperyans

- Ki misyon òganizasyon w lan? [*100 moj*]

- Ki jan ou sèvi kominate w la? *[100 mo]*
- Èske w ap travay ak atis oswa èske w te konn travay ak yo lontan? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Si Wi: Konbyen tan ou te fè t ap travay ak atis? *[Chwazi youn]*
 - Nou relativman novo nan travay ak atis (mwens pase 3 lane)
 - Nou gen relativman gen eksperyans nan travay ak atis (plis pase 3 lane)
 - Nou t ap travay ak atis depi kreyasyon òganizasyon nou an
 - Nou t ap travay ak atis lontan men nou pa travay ak yo kounye a
 - Si Wi: Nan ki kapasite òganizasyon w lan te travay ak atis? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Kòm anplwaye
 - Kòm kontraktè endependan
 - Kòm volontè
 - Lòt: tanpri dekri
 - Si Wi: Tanpri bay yon egzant yon kolaborasyon ak atis ke ou fyè de li; tanpri bay yon lyen si sa disponib. *[100 mo]*
 - Si Non: Tanpri di nou si gen nenpòt baryè oswa defi espesifik ke ou panse ki te anpeche w travay, anplwaye, oswa kolabore ak atis lontan (konesans, finansman, tan, lòt priyoriye, elatriye). *[100 mo]*
 - Si Non: Tanpri dekri motivasyon w pou travay ak atis kounye a ak fason w planifye pou sipòte ak santre atis yo nan kolaborasyon sa a. *[100 mo]*

Idantite Òganizasyonèl

- Kilès nan kominate sa yo òganizasyon w lan sèvi aklè? *[Chwazi tout sa ki aplikab yo]:*
 - Nwa
 - Endijèn
 - Moun ki Lòt Koulè
 - Imigran
 - LGBTQIAP+ (Madivin, Masisi, Biseksyèl, Transjan, Omoseksyèl/Kesyon, Entèsèks, San Sèks/Ki Pa Womantik, Panseksyèl+)
 - Soud/Enfim
 - Revni ki ba
 - Riral
- Èske lidèchip òganizasyon w lan reflete idantite kominate w ap sèvi a? *[Chwazi youn]*
 - Wi
 - Non
 - Mwen prefere pa reponn
- Èske w t ap dekri òganizasyon w lan kòm yon òganizasyon atistik ak/oswa kiltirèl? *[Chwazi youn]*
 - Wi

- Non
- Mwen pa si

Òganizasyon Finans

- Ki tout bidjè anyèl òganizasyon ou a pou:
 - 2019: [repons nimerik kout, fòma lajan]
 - 2020: [repons nimerik kout, fòma lajan]
 - 2019: [repons nimerik kout, fòma lajan]
 - 2020: [repons nimerik kout, fòma lajan]
- Èske bidjè mwayèn ou pou kat (4) dènye ane yo te pi ba oswa egal a \$750,000? [Chwazi youn]
 - Wi
 - Non
- Nenpòt ki lè ant Mas 2020 ak Fevriye 2022 èske òganizasyon w lan te resevwa èd finansye ijans ki gen rapò ak pandemi an? [Chwazi youn]
 - Wi
 - Non
 - Si Wi: Kiyès nan bagay sa yo ou te resevwa? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Finansman ijans/sekou nan men gouvènman federal la (egzanp, fon Plan Sekou Ameriken tankou Pwogram Pwoteksyon pou Chèk Peman, Kredi Retansyon pou Anplwaye, elatriye)
 - Finansman ijans/sekou nan men gouvènman Eta New York la
 - Sibvansyon ijans/sekou nan men filantropik
 - Lòt: tanpri dekri
- PA OBLIGATWA: Tanpri dekri nenpòt difikilte ou te fè fas ak yo akòz pandemi COVID-19 la. [100 mo]
 - Wi
 - Non
- Èske ou kapab kenbe travay pou atis? (CRNY t ap ka bay lajan salè yo.) [Chwazi youn]
 - Wi
 - Non
- Èske w gen yon pake avantaj ki la déjà pou anplwaye ou gen kounye a? [Chwazi youn]
 - Wi
 - Non
 - Si wi, èske li gen ladan l sa ki annapre yo? Chwazi tout sa ki aplikab yo:
 - Medikal
 - Dantè
 - Vizyon
 - Lòt (tanpri presize)

Etap 5: Keson pou Atis ak Òganizasyon yo Ansanm: Kolaborasyon yo Pwopoze

Keson sa yo se pou atis yo ak òganizasyon yo *ansanm*. Tanpri asire tout moun ki nonmen anlè aplikasyon sa a revize respon sa yo.

- Tanpri di nou sou nati relasyon nou youn ak lòt? Konbyen tan nou konnen youn lòt? Ki konpetans, ekspètiz, oswa kapasite nou planifye bay nan relasyon sa a? Ki sa ou espere patnè ou yo bay? *[400 mo maksimòm; yo ankouraje repons ki kout]*
 - Tanpri dekri kolaborasyon ou pwopoze a: ki travay nou planifye pou fè ansanm pandan de (2) lane k ap vini yo, e ki jan li pral sipòte kominote w la? *[400 mo; yo ankouraje repons ki kout]*
 - Tanpri dekri sa ou vle akonpli pandan de (2) lane k ap vini yo ak ki jan ou pral konnen si travay nou te fè ansanm lan te reyisi. Ki enpak li pral genyen sou kominote a, sou òganizasyon w lan, sou pratik ou a (yo), elatriye. *[400 mo; yo ankouraje repons ki kout]*
-

Etap 6: Soumèt!

14 | Kesyon Yo Poze Souvan

Kalifikasyon

Yon atis, moun ki gen kilti, oswa yon moun ki fè kilti

Yon atis, moun ki gen kilti, oswa yon moun ki fè kilti('atis') se yon moun ki regilyèman angaje nan pratik atistik oswa kiltirèl pou: eksprime tèt yo ak entansyon pou kominike yon fason ki rich oswa pataje ak lòt moun; transmèt konesans tradisyonèl ak pratik kiltirèl; ofri kominate yo resous kiltirèl; ak/oswa ko-òganize ak ko-kreye nan kominate yo enpak sosyal. Atis yo vle soutni tèt yo atravè pratik yo epi kenbe yon angajman pou kontinye pratik yo. Atis yo kapab travay ni endividyeòlman ni an kolaborasyon, oswa kòm edikatè nan domèn pratik yo.

Ki disiplin ki enkli nan definisyon CRNY pou pratik atistik oswa kiltirèl?

Pratik atistik ak kiltirèl gen ladan, men se pa sa sèlman:

- **Atizana** - Gen ladann atis k ap travay nan seramik, vè, bijou, travay metal, ak tekstil – fib, tisaj, ak matlase.
- **Dans** - Gen ladann dansè, koregraf, ak pwodiktè k ap travay nan yon varyete estil tankou balè, djaz, tap, hip hop, ayeryen, ak modèn.
- **Konsepsyón** - Gen ladan konsèptè k ap travay nan domèn mòd, grafik, objè, ak konsepsyón endistriyèl
- **Sinema** - Gen ladann atis, aktè, direktè, pwodiktè kreyatif, ak lòt moun k ap travay nan yon varyete estil, tankou animasyon, fiksyon, dokimantè, epizòd, eksperimantal, ak naratif.
- **Atizay Literè** - Gen ladann ekriven ki travay nan estil tankou fiksyon, ki pa fiksyon, redaksyon nouvèl, memwa, senarizasyon, pwezi, komedi, literati pou timoun, ak woman grafik.
- **Atizay Medya** - Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti k ap travay nan entèsekson teknoloji, estetik, narasyon ak kilti dijital.
- **Mizik** - Gen ladann chantè, mizisyen, konpozitè, pwodiktè (moun ki kreye son ak sansasyon anrejistreman), DJ (travay orijinal), ak konsèptè son andirèk k ap travay nan yon varyete estil tankou hip hop, djaz, rock, pop, country, ak klasik.
- **Tradisyon Oral** - Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti ki gen konesans, atizay, lide, ak materyèl kiltirèl entanjib yo resevwa, konsève, epi transmèt de yon jenerasyon ak yon lòt atravè pawòl oswa chante; ka gen ladan kont folklorik, balad, chant, pwoz oswa vè, ak kont.
- **Pratik Sosyal** - Gen ladann atis ki angaje sosyalman ak sivikman, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti ki gen atizay ki enplike moun ak kominate yo nan deba, kolaborasyon, oswa entèrakson sosyal ak travay kote atis yo kreye patenarya ak kominate yo pou jwenn rezulta developman kominate a.
- **Teyat** - Gen ladann aktè ak aktris, direktè, otè teyat, moun ki fè kostim, moun ki fè sèn, ak moun ki fè ekleraj nan yon varyete estil tankou eksperimantal, aksyon andirèk, mannken, opera, ak teyat mizikal.
- **Atizay Pèfòmans** - Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun ki fè kilti kote travay yo kreye atravè aksyon pèfòmans atis la oswa lòt patisipan yo, ki ka andirèk oswa anrejistre, espontane oswa ekri, pèfòmans taktik ak sou plas.
- **Atizay Tradisyonèl** - Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun k ap fè kilti kote travay yo anrasinen epi ki reflete tradisyon ak/oswa eritaj kiltirèl yon kominate, ki transmèt de jenerasyon an jenerasyon, tankou dans kiltirèl, mizik kiltirèl, atizana tradisyonèl ak fason yo manje.

- **Atizay Vizyèl** - *Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun ki fè kilti kote pratik atizay yo se enstalasyon, ilistrasyon, penti, desen, kolaj, gravi, fotografi, eskilti, atizay videyo, oswa atizay piblik.*
- **Atizay Entèdisiplinè** - *Gen ladann atis, moun ki gen kilti, ak moun ki fè kilti ki sèvi ak yon apwòch entèdisiplinè ki enplike plis pase yon disiplin atistik.*

Kiyès yo PA konsidere kòm yon atis pou objektif Pwogram Travay pou Atis la?

Pandan ke nou konprann ke pratik atistik ak kiltirèl yo defini an jeneral nan yon sans ki laj, nou pa kapab konsidere kandidati moun kote koneksyon prensipal yo ak atizay la se atravè administrasyon atizay oswa machann komèsyal yo oswa vandè k ap travay nan domèn tankou, men se pa sèlman:

- boulanjri ak atizay gastwonomik,
- kosmetoloji,
- achitekti, enteryè, konsepsyon peyizaj,
- radyo—pèsonalite ak DJ,
- planifikasyon evènman ak pwodiksyon, ak
- byennèt ak kondisyon fizik.

Ki sa ki se yon òganizasyon kominotè?

Òganizasyon kominotè (Community-based organizations, CBOs) a se òganizasyon ki pa la pou fè lajan, antite gouvènmantal, oswa òganizasyon yo esponnsorize sou pwen fiskal k ap travay nan nivo lokal pou amelyore lavi moun ki abite nan kominote yo. Pou resevwa finansman CRNY, òganizasyon yo dwe se òganizasyon charitab biblik 501(c)(3) oswa enstans gouvènmantal, oswa yo dwe gen yon esponnsò fiskal ki se yon òganizasyon charitab 501(c)(3).

Òganizasyon kominotè yo ka konsantre misyon yo oswa travay yo nan sektè atistik ak kiltirèl la oswa nan yon lòt sektè devlopman kominotè (sante, edikasyon, anviwònman, elatriye), epi travay pou yon vizyon kominote ekitab ak dirab.

Èske enstans tribi ak gouvènman lokal yo kalifye pou soumèt aplikasyon?

Wi Tout enstans lokal, rejyonal, tribi ak eta yo kalifye pou soumèt aplikasyon an kolaborasyon ak atis yo.

Pou Òganizasyon yo

Mwen se yon ti òganizasyon volontè ap dirije ki pa ka kenbe travay W2 oswa ofri avantaj. Èske mwen ka toujou aplike?

Wi. Atis ki pa kapab anplwaye dirèkteman nan òganizasyon y ap kolabore ak li a kapab resevwa salè ak avantaj yo atravè yon òganizasyon entèmedyè ke CRNY pral fasilite.

Èske gen restriksyon an tèm de gwosè òganizasyon an oswa sou ane li te fèt la?

Non, pa gen okenn egzijans bidjè fonksyonman minimòm oswa maksimòm. AEP pa egzije yon kantite minimòm ane fonkssyonman depi lè li te fòme a.

Mwen pa yon òganizasyon atistik ak kiltirèl. Èske mwen ka aplike?

Wi. Tout òganizasyon charitab piblik 501(c)(3) yo, ki gen ladan esponnsò fiskal ki se òganizasyon charitab piblik 501(c)(3), oswa enstans gouvènman an kalifye pou aplike ansanm ak atis yo.

Kolaborasyon

Mwen se yon atis, men mwen pa gen yon òganizasyon mwen vle kolabore ak li pandan de (2) lane. Èske mwen ka aplike poukонт mwen?

Non. Pwogram Travay pou Atis la egzije yon aplikasyon KI LYE ant atis yo ak òganizasyon yo. Pou atis ki pa gen yon òganizasyon kominotè pou kolaborasyon, nou rekòmande pou aplike nan Pwogram Revni Garanti pou Atis CRNY. Ale sou www.creativesrebuildny.org/apply/guaranteed-income pou jwenn plis enfòmasyon.

Mwen se yon òganizasyon, men nou pa gen relasyon ak atis espesifik pou ankouraje yon kolaborasyon. Èske yon òganizasyon ka aplike san [yon] atis (yo)?

Non. Pwogram Travay pou Atis la egzije yon aplikasyon KI LYE ant atis yo ak òganizasyon yo. Atis yo *dwe* dwe nonmen klèman, epi kolaborasyon an ta dwe ko-ekri ak atis yo.

Ak kisa kolaborasyon ak patenarya yo ka sanble?

Gen kèk kolaborasyon yo imajine ki gen ladna yo, men yo pa limite a:

- Travay ak atis-nan-rezidans, yon estidyo atistik pral reponn ak bezwen politik popilasyon imigran lokal yo.
- Yon kolektif atis pral anplwaye atis yo pou kolabore ak yon teyat lokal pou pwodui ak prezante pwogram piblik yo.
- Moun ki gen kilti yo pral bay dokiman sou atis tradisyonèl ak kontanporen ak aprantisaj pou atis k ap travay an kolaborasyon ak yon òganizasyon endijèn.
- Yon òganizasyon devlopman lojman pral kolabore ak atis pou travay ak rezidan lojman piblik lokal yo pou sipòte lyen sosyal.
- Yon òganizasyon legal ki pa la pou fè lajan pral fè patenarya ak reyalizatè yo pou dokimante sitwayen ki retounen yo ak enpak pozitif yo sou kominote atravè eta a.
- Travay ak atis atravè tout ajans yo, yon vil pral anplwaye atis pou sipòte anplwaye yo reflechi sou solisyon inovatè pou pwoblèm moun ap fè fas ak yo chak jou yo.
- Yon kominote ki pa la pou fè lajan pral anplwaye atis ansèyman pou sipòte pwogram apre lekòl yo ak nan pwogram lekòl yo.
- Yon teyat pral anplwaye dramatij lokal pou ekri pyès teyat yo pral jwe pandan senk (5) lane k ap vini yo.

Èske CRNY ka mete m ak yon atis oswa òganizasyon kolaboratè si mwen aplike poukонт mwen?

Non. CRNY pa ka fòmèlman 'fè koresponn' ant atis ak òganizasyon; sepandan, pwosesis pou kreye yon aplikasyon ki lye ka ede atis ak òganizasyon yo batí nouvo relasyon ak apwofondi sa ki déjà egziste yo. CRNY pral ofri sesyon enfòmasyon sou entènèt nan mwa Fevriye ak Mas, pandan pral gen tan pou atis ak òganizasyon ki patisipe yo rankontre youn ak lòt.

Èske plizyè òganizasyon ka aplike ansanm?

Wi. Kolaborasyon ki enplike patenarya ant òganizasyon atistik ak òganizasyon ki pa atistik yo, oswa yon òganizasyon antèt ki aji kòm yon sant pou lòt òganizasyon, posib. Nan tout ka sa yo, yo dwe deziyen yon òganizasyon kòm aplikan prensipal la.

Èske nou bezwen yon plan pwojè detaye 2 lane pou n aplike?

Non. Nou rekonèt ke kolaborasyon yo ka mande tan pou apwofondi relasyon yo epi detèmine kisa egzakteman travay la ta dwe ye. Aplikasyon an sèlman bezwen eksprime klèman objektif, eksperyans, ak relasyon ant òganizasyon an (yo) ak atis (yo), ansanm ak defini klèman yon bezwen oswa dezi kominotè ke travay yo pwopoze a pral abòde.

Èske kolaborasyon nou bezwen an dwe nouvo?

Non. Nou konnen ke gen anpil kolaborasyon ki deja egziste e ki dire lontan ant atis ak òganizasyon yo.

Ki kantite minimòm ak maksimòm atis òganizasyon mwen an ka kolabore avèk yo atravè Pwogram Travay pou Atis yo?

Yon òganizasyon dwe kolabore ak yon minimòm yon (1) atis, epi pwogram nan ap sipòte yon maksimòm dis (10) atis pou chak òganizasyon.

Ki kominote kolaborasyon nou an ta dwe sèvi?

N ap bay òganizasyon ak atis k ap travay ak popilasyon Nwa, Endijèn, ak/oswa Moun Lòt Koulè yo, Imigran, LGBTQIAP+, Soud/Enfim, ki enplike nan sistèm legal kriminèl, ki gen ti revni, ak/oswa nan zòn riral yo priyorate.

Èske dimansyon pwojè a ka reyonal oswa nan tout eta a?

Wi.

Èske AEP gen priyorte jeyografik?

Wi. CRNY te toutespre konstui efò sansibilizasyon, revizyon, ak seleksyon li yo pou bay distribisyon fon atravè yon ekilib zòn jeyografik nan Eta New York la priyorte.

Finansman

Konbyen kòb y ap peye atis yo?

Y ap peye atis yo \$65,000 chak ane pandan 2 lane, plis avantaj yo. AEP pral finanse avantaj travay tankou swen sante nan yon to 28% nan salè anyèl atis la. Yo pral bay avantaj sa yo atravè òganizasyon ki kenbe travay atis la (swa òganizasyon kolaboratè a oswa entèmedyè a), an akò ak pratik estanda Resous Imèn òganizasyon an.

Èske òganizasyon yo resevwa lajan?

Òganizasyon yo pral resevwa ant \$25,000 ak \$100,000 chak ane pandan de (2) lane pou sipòte kolaborasyon an.

Èske lajan ki koresponn yo nesesè?

Non.

Èske sa ka rive ke yon òganizasyon aplike ak plizyè atis, men Pwogram Travay pou Atis la finanse travay pou yon ti gwooup atis sèlman?

Non. Y ap finanse kolaborasyon ak tout atis ki nonmen nan aplikasyon an si yo reponn ak kritè debaz yo kòm atis ak rezidan Eta New York.

Limit

Mwen se yon atis yo esponnsorize sou yon pwen fiskal, èske mwen ka aplike nan AEP ak esponnsò fiskal mwen an kòm òganizasyon prensipal la?

Non. Dwe gen yon òganizasyon kominotè kote w ap kolabore ak li sou travay ou a.

Òganizasyon mwen an se yon LLC ki fè travay kominotè. Èske nou ka aplike nan AEP pou anplwaye atis?

Yon LLC oswa lòt òganizasyon ki pa 501(c)(3) pa kapab aplike kòm òganizasyon prensipal la, men li ka aplike avèk yon esponnsò fiskal ki se yon òganizasyon charitab publik 501(c)(3) oswa kòm yon patnè kolaboratè sou aplikasyon yon òganizasyon 501(c)(3). Swa esponnsò fiskal la oswa òganizasyon 501(c)(3) a dwe òganizasyon prensipal la, epi y ap resevwa tout lajan ki asosye ak sibvansyon AEP a.

Konbyen aplikasyon chak atis ak òganizasyon ka soumèt?

Chak atis ak òganizasyon ka aplike yon sèl fwa. Atis yo ka aplike tou nan pwogram Revni Garanti pou Atis yo men yo PA KAPAB patisipe nan toulede pwogram yo.

Èske yo pral finanse aplikan ki baze andeyò Eta New York la?

Non.

E si mwen vle anboche yon gwooup, men youn nan manm yo baze andeyò Eta New York la?

Se sèlman atis ki baze nan Eta New York la yo ka sipòte.

Èske yo ka anplwaye atis san papye atravè AEP?

Tout travayè ak òganizasyon k ap patisipe nan AEP dwe suiv lwa travay Eta New York la.

Poukisa mwen pa ka aplike nan pwogram Revni Garanti pou Atis yo ak Pwogram Travay pou Atis yo nan CRNY?

Nou rekonèt gwo bezwen anpil atis fè fas ak yo, epi nou fè atis (ak kolaboratè AEP yo) konfyans pou yo konsidere kiyès nan de (2) pwogram yo ki pi bon pou bezwen espesifik yo. Objektif prensipal Pwogram Travay pou Atis yo se patenarya ant atis ak òganizasyon kominotè yo. Yon angajman nan patenarya sa a fè pati entegral pwosesis revizyon nou an ak siksè kolaborasyon yo pwopoze a. Anplis de sa, pèmèt yo konsidere atis yo pou toulede pwogram yo an konfli ak objektif nou pou sipòte 2,700 atis endividyèl atravè Eta New York la.

Pwoesis Aplikasyon ak Sipò

Ki moun ki pral revize aplikasyon mwen an?

Se yon panèl evalyatè ak anpliwaye CRNY ki pral egzamine tout aplikasyon yo.

Èske mwen ka pale ak yon manm pèsonèl CRNY sou pwopozisyon mwen an?

CRNY pa gen kapasite pou diskite sou pwopozisyon yo, men ou ka kontakte ekip Biwo Èd devwe nou an lè w rele 855-929-3863 (èd dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès) oswa voye yon imèl bay HelpDesk@creativesrebuildny.org.

Èske pral gen yon wèbinè pou aplikan yo?

Wi. Pral gen plizyè. Ale sou www.creativesrebuildny.org/apply pou jwenn orè ki pi ajou a ak enstriksyon sou enskripsyon an.

Èske nou ta dwe soumèt lèt sipò pou travay nou an?

Non.

Mwen gen difikilte teknik, e mwen pa konn sa k pase.

Tanpri kontakte ekip Biwo èd devwe nou an lè w rele 855-929-3863 (èd dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès) oswa voye yon imèl bay HelpDesk@creativesrebuildny.org.

Mwen pa pale Anglè oswa Panyòl. Kòman mwen ka aplike?

Biwo Èd la gen ladann tradiktè devwe pou ede aplikan ki pa pale Anglè oswa Panyòl yo, ak aplikan ki ap aprann lang Anglè. Tanpri kontakte ekip Biwo èd devwe nou an lè w rele 855-929-3863 (èd dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès) oswa voye yon imèl bay HelpDesk@creativesrebuildny.org.

Mwen gen plis kesyon. Ki moun mwen ka kontakte?

Tanpri kontakte ekip Biwo èd devwe nou an lè w rele 855-929-3863 (èd dirèk disponib Lendi jiska Vandredi soti 10:00 AM pou rive 4:00 PM Lès) oswa voye yon imèl bay HelpDesk@creativesrebuildny.org.